



# Paid Family Leave

# DEKLARASYON KONSÈNAN DWA POU GEN KONJE PEYE POU FANMI

## SI OU BEZWEN PRAN YON TI KONJE POU PRAN SWEN YON FANMI, OU KA GEN DWA POU JWENN AVANTAJ KONJE PEYE POU FANMI

**Konje Peye pou Fanmi se yon asirans anplwaye a kontribye pou li epi li bay konje peye pandan travay li pwoteje, pou li kapab:**

- Pase tan ak yon tibebe ki fenk fèt, timoun yo fenk adopte, oswa timoun yo fenk pran nan fwaye dakèy;
- Pran swen yon fanmi ki gen yon pwoblèm sante grav; oswa
- Ede yon pwòch lè yo rele yon fanmi pou al travay nan sèvi militè aletranje.

### Kalifikasyon:

- Anplwaye ki gen yon orè travay regilye kote yo travay pou **20 èdtan oswa plis pa semèn** ap kalifye apre **26 semèn travay youn apre lòt**.
- Anplwaye ki gen yon orè travay regilye kote yo travay pou **pi piti pase 20 èdtan pa semèn** ap kalifye apre **175 jou travay**.

Ou kalifye kèlkeswa sitwayènte ou oswa sitiyan ou ak imigrasyon.

**Avantaj yo:** An 2018, anplwaye ap ka pran jiska wit (8) semèn Konje Peye pou Fanmi epi resevwa 50% salè mwayen chak semèn ak yon limit jiska 50% Salè Mwayen pa Semèn Eta New York la. Anjeneral, salè mwayen pa semèn ou se mwayèn de wit (8) dènye semèn salè ou avan ou kòmanse Konje Peye pou Fanmi a.

### Dwa ak Responsablite yo:

- **Pwoteksyon Travay:** Retounen nan menm travay la oswa yon travay ki prèske menm nan apre konje ou fini.
- W ap kenbe **asirans sante** ou pandan ou nan konje (ou ka bezwen kontinye peye pati pa ou nan prim yo, si genyen).
- **Patwon ou pa gen dwa fè diskriminasyon oswa reprezay** kont ou paske ou te mande oswa pran Konje Peye pou Fanmi.
- Ou **pa bezwen itilize konje maladi oswa vakans** ou te genyen avan pou w ka itilize Konje Peye pou Fanmi.

### Pwosesis Demann pou Konje Peye pou Fanmi a

1. Di patwon ou sa omwen 30 jou davans, si se yon bagay ou te prevwa, oswa pi vit posib.
2. Ranpli epi bay patwon ou Fòm Demann Konje Peye pou Fanmi (Fòm PFL-1).
3. Ranpli epi ajoute plis fòm ki nesèsè yo epi voye yo bay konpayi asirans ki endike anba la a.
4. Konpayi asirans la dwe peye oswa refize demann ou a nan 18 jou oswa mwens apre yo te resevwa demann konplè ou a.

Epi tou ou ka jwenn tout fòm yo nan men patwon ou, konpayi asirans ki endike anba la a, oswa sou entènèt nan [www.ny.gov/PaidFamilyLeave](http://www.ny.gov/PaidFamilyLeave).

### Kontestasyon

Si yo refize reklamasyon ou pou Konje Peye pou fanmi, ou ka mande yon medyatè ki pa fè paspouki pou evalye refi a. Konpayi asirans non li anba la a pral ba ou enfòmasyon sou kijan pou ou mande yon medyatè.

### Plent pou Diskriminasyon

Si patwon ou revoke ou, diminye salè ou ak/oswa avantaj ou yo, oswa ba ou sanksyon nan nenpòt fason paske ou mande oswa poze kesyon sou Konje Peye pou Fanmi, men sa pou ou fè pou re-entegre ou:

1. Ranpli fòm Demann Fòmèl pou Re-entegrasyon Konsènan Konje Peye pou Fanmi (PFL-DC-119)
2. Voye fòm ranpli ou a bay patwon ou ak yon kopi fòm ranpli ou a bay: Paid Family Leave, P.O. Box 9030, Endicott, NY 13761-9030
3. Si patwon ou pa re-entegre ou nan 30 jou oswa mwens, ou ka pote yon plent pou diskriminasyon ak Konsèy Konpansasyon Travayè a avèk fòm PFL-DC-120, ki disponib nan <http://www.ny.gov/PaidFamilyLeave>. Konsèy Konpansasyon Travayè a pral sanble enfòmasyon sou ka ou a epi pwograme yon odyans.

**Pou jwenn plis enfòmasyon, fòm,  
ak enstriksyon ale sou sitwèb [www.ny.gov/PaidFamilyLeave](http://www.ny.gov/PaidFamilyLeave) oswa rele (844)-337-6303.**

Enfòmasyon sa a se yon prezantasyon senplifye konsènan dwa yo selon egzijans Seksyon 229 Lwa Konsènan Avantaj pou Andikap ak Konje Peye pou Fanmi. Konpayi asirans travay ou pou konje peye pou fanmi se:

**SELON REKÒMANDASYON PREZIDAN AN,  
KONSÈY KONPANSASYON TRAVAYÈ**